



Revize an avril 2020

## Kisa Medicare ye?

### Medicare se yon asirans sante pou:

- Moun ki gen 65 an oswa ki pi gran
- Moun ki poko gen 65 an ki gen sèten andikap
- Moun nenpòt laj ki gen Maladi Renal nan Faz Final (ESRD) (ensifizans renal ki nesite dyaliz an pèmanans oswa yon grèf ren)

### Kisa diferan pati Medicare yo ye?

Original Medicare se yon plan pou sèvis sante gratis ki genyen de (2) pati: Pati A (Asirans Lopital) ak Pati B (Asirans Medikal).

#### Pati A ede kouvri:

- Swen pou pasyan ki entène lopital
- Etablisman ki bay swen enfimye espesyalize
- Swen ospis
- Swen sante adomisil

Dabitid ou pa peye yon prim asirans mansyèl pou pwoteksyon Pati A si ou menm oswa madanm/mari ou te peye taks Medicare lè nou t ap travay pandan yon kantite tan. Pafwa yo rele sa Pati A prim gratis. Si w pa kalifye pou Pati A prim gratis, ou ka achte Pati A.

#### Pati B ede kouvri:

- Sèvis doktè ak lòt pwofesyonèl swen sante bay
- Swen pou pasyan ki pa entène lopital
- Swen sante adomisil
- Ekipman medikal dirab (DME) (tankou chèz woulant, deyanbilatè, kabann lopital epi lòt ekipman)
- Anpil sèvis prevantif (tankou depistaj, piki oswa vaksen, ak vizit “Byennèt” anyèl)

Pifò moun peye prim estanda mansyèl Pati B

**Remak:** Original Medicare peye pou plizyè, men pa pou tout depans pou sèvis ak materyèl swen sante yo. Polis Asirans Sipleman Medicare (Medicare Supplement Insurance, Medigap) yo, ke konpayi prive yo vann, ka ede w peye pou depans swen sante ki pa kouvri yo, tankou kopeman, ko-asirans, ak franchiz.

## Kisa diferan pati Medicare yo ye? (kontinye)

### **Medicare Advantage (ke yo konnen tou kòm Pati C):**

- Yon opsyon “konplè” pou Original Medicare. Plan “pake” sa yo gen ladan yo Pati A, Pati B, epi jeneralman Pati D tou.
- Plan yo kapab gen mwens depans pou peye ak lajan nan pòch ou pase Original Medicare.
- Majorite plan yo ofri avantaj siplemantè ke Original Medicare pa kouvri— tankou sèvis vizyon, sèvis oditif ak sèvis dantè.

### **Pati D (pwoteksyon pou medikaman sou preskripsyon):**

- Li ede kouvri depans pou medikaman sou preskripsyon (avèk tou plizyè piki oswa vaksen yo rekòmande)
- Se plan medikaman Medicare apwouve e ki swiv règ Medicare yo ki jere li
- Li ka ede w diminye depans pou medikaman w yo epi li ka pwoteje w pou w pa fè pi gwo depans pi devan

**Remak:** Si revni w ak resous ou limite, ou ka byen kalifye pou yo ede w peye pou kèk depans swen sante ou ak depans pou medikaman sou preskripsyon w yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou pwogwam ki ka ede w peye depans swen sante w yo ale nan [Medicare.gov](https://www.medicare.gov), oswa rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Moun k ap itilize sistèm TTY yo mèl rele 1-877-486-2048.

# Kisa Medicaid ye?

Medicaid se yon pwogram pataje federal ak eta ki ede peye depans medikal yo si ou genyen revni ak/oswa resous limite epi si ou satisfè lòt egzijans yo. Moun ki gen Medicaid ka genyen kouvèti asirans pou sèvis ke Medicare pa kouvri oswa ke l kouvri an pati, tankou swen enfimye adomisil, swen pèsonèl, transpò pou sèvis medikal, sèvis adomisil ak kominotè, ak sèvis dantè, vizyon epi oditif.

Pou w kalifye pou Medicaid nan yon eta, ou fèt pou se yon rezidan nan eta sa a e ou fèt pou se yon sitwayen Ameriken (oubyen ou fèt pou gen estati antanke imigran ki kalifye). Chak eta gen diferan règ sou elijibilite ak kijan pou aplike pou Medicaid. Si w kalifye pou Medicaid nan eta w la, otomatikman ou kalifye pou jwenn Èd Anplis (Extra Help) pou peye pou pwoteksyon asirans Medicare (Pati D) pou medikaman sou preskripsyon w yo.

**Ou ka byen kalifye pou Medicaid si w gen revni ki limite e si w nan youn nan kategori suivan yo:**

- Si w gen 65 an oswa ou pi gran
- Si w se yon timoun ki poko gen 19 an
- Si w ansent
- Si w ap viv ak yon andikap
- Si w se yon paran oswa yon adilt k ap okipe yon timoun
- Si w se yon adilt ki pa gen timoun ki sou kont ou (nan sèten eta)

Nan plizyè eta, gen plis paran ak lòt adilt ki ka jwenn pwoteksyon asirans kounyeya. Si yo pat aksepte ba ou li anvan, ou ka eseye ankò e ou ka byen kalifye kounyeya.

**Lè w ap anrejistre, ou ka jwenn benefis swen sante ou bezwen, tankou:**

- Konsiltasyon kay doktè
- Sejou lopital
- Sèvis ak sipò alontèm
- Swen prevantif, ki enkli iminizasyon, mamografi, kolonoskopi, ak lòt swen w bezwen
- Swen pre-natal ak swen matènite
- Swen sante mantal
- Medikaman ki nesèsè
- Swen pou vizyon ak swen dantè (pou timoun)

Ou dwe aplike pou Medicaid si oumenm oswa yon moun nan fanmi w bezwen swen sante. Si w pa fin si ou kalifye, yon travayè sosyal ki kalifye nan eta kote w rete a ka gade sityasyon w. Kontakte biwo Asistans Medikal Leta (Medicaid) ou a pou wè si w kalifye e pou w ka aplike.

## Kalifikasyon doub

Gen sèten moun ki kalifye pou toulede, Medicare ak Medicaid, sa rele “**kalifikasyon doub.**” Si w gen pwoteksyon konplè asirans Medicare ak Medicaid, y ap kouvri pifò depans swen sante w yo.

Ou ka jwenn pwoteksyon asirans Medicare atravè Original Medicare oswa atravè yon Plan Medicare Advantage. Si w gen Medicare ak/oswa Medicaid konplè, Medicare ap kouvri medikaman sou preskripsyon Pati D ou yo. Medicaid ka toujou kouvri kèk medikaman ak lòt swen ke Medicare pa kouvri.

## Pou sa gen plis enfòmasyon

- Ale sou sit [HealthCare.gov/medicaid-chip/getting-medicaid-chip](https://www.healthcare.gov/medicaid-chip/getting-medicaid-chip) la pou w jwenn plis enfòmasyon sou Medicaid.
- Ale sou sit [Medicare.gov/contacts](https://www.medicare.gov/contacts), oswa rele 1-800-MEDICARE pou w jwenn nimewo telefòn pou biwo Asistans Medikal Leta (Medicaid) ou a.
- Ale sou sit [Medicare.gov](https://www.medicare.gov), oswa rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou w jwenn plis enfòmasyon sou Medicare.

Ou gen dwa pou w resevwa enfòmasyon sou Medicare nan yon fòm ki aksesib, tankou an gwo karaktè, an Bray, oswa sou fòm odyo. Se dwa w tou pou w depoze yon plent si w santi yo te fè diskriminasyon kont ou. Ale nan [Medicare.gov/about-us/nondiscrimination/accessibility-nondiscrimination.html](https://www.medicare.gov/about-us/nondiscrimination/accessibility-nondiscrimination.html), oswa rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou w jwenn plis enfòmasyon. Moun k ap itilize sistèm TTY yo mèt rele 1-877-486-2048.

Se Depatman Sante ak Sèvis Imen ki peye pou li.

